App Canvas pou Paran

Canvas se yon Sistèm Jesyon Aprantisay *[Learning Management System (sig angle LMS)]*. Sistèm-la kreye pou senplifye ansèyman ak aprantisay. Li pèmèt konekte tout zouti dijital ke pwofesè ka itilize nan yon sèl kote anliy. App **Canvas Parent** kite paran patisipe nan edikasyon pitit-yo. App-la fasilite aksè nan enfòmasyon enpòtan ki konsène yon klas. Paran ka itilize app **Canvas Parent** avèk aparèy iOS oswa Android. Kèk minit sifi pou konfigire l e se pa yon bagay ki konplike. Manyèl Itilizatè App pou Paran sou sit-sa. Klike isit-la menm.

Avèk aplikasyon **Canvas Parent** app, paran ka:
- Gade lis klas e nan ki klas pitit-li anwole. Pou chak klas, paran ka wè syllabus (pwogram etid), devwa (tit, dat pou remèt devwa, ak enstriksyon) epi aktivite ak evènman.
- Aktive alèt pou wè annons sou klas ak/oswa resevwa alèt pou fè ou chonje yon devwa oswa aktivite espesifik (alèt-yo ale sou aparèy mobil-ou kòm notifikasyon otomatik) [alerts sent to mobile devices as push notifications].
- Swiv pwogrè ak rezilta pitit-ou nan seksyon Canvas assignments (Canvas devwa) (dènye nòt final va repòte nan Pinnacle).
- Tanpri pran nòt: Si yon elèv pa gen okenn klas ki vizib sou ekran an, ou va wè yon mesaj "No Enrollments" (Pa gen anwolman); mesaj-la vledi pwofesè a poko fè klas-la aksesib epi vizib pou piblik-la.

App **Canvas Parent,** pa kite paran
- Soumèt devwa, patisipe nan diskisyon oswa pran tès tankou quiz nan non pitit-yo.
- Gen aksè nan kontni klas-la (fichye, paj, travay lòt elèv, elatriye).
- Patisipe nan klas-la nan okenn fason.

Pou aktive **Canvas Parent,** telechaje (download) app Instructure's **Canvas Parent** epi konplete etap sa-yo:

Etap 1	Etap 2	Etap 3	**Kisa kòd jimlaj ye?**
			Kòd jimlaj (pairing codes) se kòd ki gen sis chif epi yo itilize-yo nan Canvas pou konekte elèv ak obsèvatè. Kòd jimlaj se kòd alfanimerik (lèt + chif) epi kòd-la sansib (antre ekzakteman lèt ak chif menm jan ou te kreye-yo.)
Telechaje (download) app Canvas Parent App. Klike **Find my School (Jwenn lekòl mwen).** Antre (tape) Broward County. Klike **Broward County Public Schools Parents.**	Klike lyen **Create Account** (Kreye Kont). Pou fè sa, gade anba ekran-an.	Antre (tape) **Non ou** (Premye non & Siyati), **Imel adrès-ou,** epi chwazi yon **Password** (Modpas). Tape modpas-la de fwa. Antre kòd **Student Pairing Code** (kòd jimlaj elèv).	**Kiyès ki ka jennere kòd jimlaj?** Yon elèv oswa pwofesè ka jennere kòd jimlaj? Kòd jimlaj disponnib sèlman pou itilizatè nan enstitisyon ki otorize moun enskri tèt-yo.
			Pou konben tan kòd jimlaj valid? Kòd jimlaj (pairing codes) espire apre sèt jou oswa apre premye itilizasyon ki reyisi.
			Si ou se yon elèv kijan ou ka kreye Kòd Jimlaj Elèv (Student Pairing Codes)?

Tanpri note, sèlman yon sèl Kont ka jimle atravè app Canvas Parent App. Si se nesesè, ajoute kont adisyonèl sou sit http://browardschools.instructure.com/login/canvas. Itilize enfòmasyon Kont paran ou te kreye anvan pou w ka konekte. Klike Account > Klike Settings > Klike Observing > Antre yon kod jimlaj adisyonèl Student Pairing Code > Klike blue +Student button (bouton ble + Elèv).